3.Хасанбоев Ж., Тўрақулов Х., Ҳайдаров М., Хасанбоева О., Усманов Н. Педагогика фанидан изоҳли луғат. - Т.: “Fan va texnologiya”, 2009, 672-б.
4.Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. ХШ том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984, 236-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада «Шәрияр» достонида таълим болаларни неча ёшда мактабга бериш инсон ва жамият ҳаётида илм ва билимнинг тутган урни, уқиш жараёнида компьютер технологиясидан фойдаланиш масалалари ёритилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы образования в эпосе “Шарияр” в каком возрасте лучше отвести детей в школу, место науки и знаний в жизни человека и общества, использование компьютерных технологий в учебном процессе.

**SUMMARY**

The article deals with issues of education in the epos «Shariyar» suitable age of giving children to school, duration of study, importance of science and knowledge in the life of a percon and society, using computer technologies in the study process.

## «ШӘРИЯР» ДӘСТАНЫНДА ҲУҚЫҚЫЙ ТӘЛИМ ҲӘМ ТӘРБИЯ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Е.К.Алламбергенов –** *еркин излениўши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ҳуқуқ, ҳуқуқий талаблар, ҳуқуқий меъёр, ҳуқуқий онг, ҳуқуқий маданият, ҳуқуқий муносабатлар ҳуқуқий тарбия, никоҳ, ёлгон гувоҳнома, жазоголари, оқ илон, қора илон, шариат қоидалари.
**Ключевые слова:** право, правовые требования, правовая норма, правовое сознание, правовая культура, правовые отношения, правовое воспитание, брак, лжесвидетельство, меры наказания, змея с белой кожей, змея с чёрной кожей, законы шариата.
**Key words:** law, legal demands, law norm, law conscienceness, law culture, legal relations, legal education, marriage, false testimony, punishment measures, a white-skin snake, a black-skin snake, laws of sharyat.

Ҳәзирги заман педагогикасында да, жәмийет турмысында да ҳуқықый тәрбия ең актуаль мәселелердиң бирине айланған. Себеби, ҳуқықый-демократиялық пуқаралық жәмийетти қурыў ислери ҳуқық ҳәм оның тийкарларын билиў, барлық тараўларда нызам талапларын басшылыққа алыў мәселелерин өз ишине алады. Келешегимиз болған жаслардың ҳуқықый санасының қәлиплескенлиги, олардың ҳуқықый жақтан тәрбияланғанлығы ҳәм ҳуқықый мәдениятлылық дәрежеси мәмлекетимиздиң раўажланыўына унамлы тәсир көрсетеди.

Педагогикалық әдебиятларда ҳуқықый мәмлекет, ҳуқықый мәденият, ҳуқықый нормалар, ҳуқықый сана, ҳуқықый сананың дәрежеси ҳәм басқа да терминлер көплеп ушырасады. “Педагогика теориясы” сабақлығында көрсетилиўинше, “ҳуқық – бул мәмлекетлик басқарыў органларының нызам ҳәм қарарларында өзиниң сәўлелениўин табатуғын, инсанлардың ис-ҳәрекетлериниң норма ҳәм қағыйдаларының жыйнағы болып, белгили бир жәмийеттеги социаллық қатнасықларды басқарады ҳәм юридикалық күшке ийе болады, сондай-ақ мәмлекет тәрепинен орынланыўы да тәмийинленеди” [2:348**]**. Ал, “Педагогика фанидан изоҳли луғат”та көрсетилиўинше ҳуқықый тәрбия дегенимизде “...муғаллимниң ҳәр бир билим алыўшының ҳуқықый нормаларға (талапларға) болған жеке қатнасықларын, ҳуқықтың түрли тармақларын өзлестире алыў өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда дослары, устазлары, ата-аналары ҳәм өспиримлер ҳуқықын қорғаў органлары ортасындағы ҳуқықый қатнасықларды саналы түрде қәлиплестириў хызмети” [3:616] түсиниледи.

Ҳуқық дегенимиздиң өзи болса, жәмийетлик сананың ески тарийхый формаларынан бири болып, ол инсаният жәмийетиниң пайда болыўы менен тиккелей байланыслы. Ал, ең ески дәўирлерди, сол ўақытлардағы адамлардың исенимин, пухталығын, бир сөзлилиги, ең баслысы - олардың өз ҳуқықларын жетик түсине билиўлерин қарақалпақ халық дәстаны “Шәрияр” да өзинде кеңнен сәўлелендиреди.

“Шәрияр” [1] дәстаны текстлериниң дәслепки бетлеринен баслап-ақ, оның ҳуқық тәрбиясына айрықша итибар бергенлигиниң гүўасы боламыз. Мәселен, Шаҳидарап патша жасының қырық беске келгенлигин, тоққыз ҳаял алғанлығын, бирақ я ул перзент, я қыз перзент көрмегенлигине налынып, “елдиң алды жатқан соң, от қызылы семген соң, алтын тахтан түседи, етек-жеңин кеседи” ҳәм қәлендер сыпатқа енип, көше аралап кетеди. Көше аралап баратырып бир отаўдың ишинен жылт-жылт етип жанып турған отты көреди. Отаўдың жанына барып қулақ түргенинде, отаўдағы үш қыздың да “егерде патша өзин алақойса, қандай өнерлер көрсете алыў уқыплылығына ийе екендигин” еситип сарайына қайтып келеди [1:13].

Патшаның өзи мәмлекеттеги ҳуқық нызамларын ҳәм тәмийинлеўши ҳәм орынлаўшы саналады. Сонлықтан да, патша сарайына келгеннен кейин усы үш қызға үйлениўдиң нызамға сәйкес келетуғын жолларын излестиреди. Халық раўиятларын, нақыл-мақаллардағы ҳуқықый нормаларды да басшылыққа алады. Бирақ, “үшеўи бир адамның қызы болса, апалы-сиңлиге неке түспейди” [1:15] деген нақылды басшылыққа алғанды мақул көреди. Себеби, усы нақылдағы халықлық ҳуқықый көзқарасқа тийкарланып, өз патшалығында қабылланған, өзи тастыйықлаған Нызам сол ўақытта өз күшинде турады. Сонлықтан, Томан ўәзир арқалы сорастырып көргенинде, қызлардың үшеўиниң үш адамның қызы екенлигин билип алыў шарапатына миясар болады. Нәтийжеде, нызамға қарсы ис тутылмайтуғынлығын сезгенликтен Томан ўәзирди қызлардың аталарына “елшиликке” жибереди.

Томан ўәзир де нызам талапларын ҳәм рәўиятларды жетик билген адам. Сонлықтан да, ол қызлардың аталары менен сөйлескен ўақытларында, нызамға муўапық “Арада жүрген елшиге” [1:17] өлимниң жоқ екенлигин еслетеди.

Дәстанда адамға жаза шараларын қолланыў ўақытларында да гүўалардың сөзлериниң, берген көрсетпелериниң инабатқа алынатуғынлығы, егер де, жалған гүўалық берсе оның жуўабының ол дүньяда берилетуғыны, “айыплы” деп табылған адамның “ҳақ қаны” [1:33] жалған көрсетпе берген гүўанын мойнына жүкленетуғынлығы еслетип өтиледи. Бирақ, “алтын көрсе периште жолдан шығады” [1:33] дегендей, гүўалар бир бийшараның ҳақ қанын мойнына алыўдан қорықпайды. Жалған гүўалық береди.

Биз оқыўшыларды Шәрияр дәстанындағы ҳуқық тәрбиясы мәселелери менен таныстырған ўақытларымызда, дәстандағы унамлы ҳәм унамсыз образларды салыстырмалы түрде түсиндирип, нызамға қарсы ис тутыўдың ақыбетиниң жаман болатуғынлығын еслетип қойыўымыз ҳәм оқыўшыларда дәстандағы жалған гүўалық берген адамларға болған жек көриўшилик сезимлерин оята билиўимиз керек болады. Бундай ис-ҳәрекетлеримиз арқалы биз оқыўшылардағы нызам талапларына дурыс қатнас жасаў ҳаққындағы пикирлерин раўажландырыўға себепши боламыз.

Дәстан мазмунында шәрият нызамларына тийкарла-

нып адамға жаза шаралары қолланылғанда, гейпара жалған гүўалардың көрсетпелери де билип-билмей есапқа алынып кете беретуғын жерлери де ушрасады. Усындай жаза шарасына дәслеп Шәриярдың анасы Гүлшара, соңынан Томан ўәзир гирипдар болады. Деген менен, жаза шарасының надурыс колланылғанлығын түсинген адам, патшаның ҳүкимине қарсы барса да, өз ҳүжданына қарсы бара алмайтуғын жағдайлар да болып турады. Соның ушын да, дәстан қаҳарманларының бири Томан ўәзир надурыс шығарылған ҳүкимнен өз ҳүжданын артығырақ көреди. Нәтийжеде, есигине аш-әптадалықта жылап келген Гүлшараны көрип: "Хан жаманлық еткенде, басгенемди алады, егер, мен буған жаманлық ете ғойсам, қыяметте оның ҳақ қаны мойныма қалады" [1:38-39] деген ой менен Гүлшараны өлген қарындасының орнына қарындас сыпатында қабыл алып, үйинде сақлай береди. Бул көринислер арқалы Томан ўәзир өзиндеги адамгершиликли сезимлердиң басымлығын көрсетеди.

Шәрияр менен Әнжим мектепте оқыған ўақытларда бир-бири менен жарысып оқыўы арқалы көп жетискенликлерге ериседи. Ҳуқықый мағлыўматларға да жетерли дәрежеде ийе болады. Усындай ҳуқықый мағлыўматларды жетик билгенлиги себепли Шәрияр өзине Қундызхан перийдиң берген "Ол немерсе табанынан сойылған" [1:76] деген сораўына ҳеш екиленбестен "Сүтқор болур табанынан сойылған" [1:76] деген дурыс жуўапты береди.

Әнжим де ҳуқықый билимлерди жетик ийелеген қыз. Ол да ағасы Шәриярды излеп баратырғанында, еки таўдың бәндиргисинде урысып атырған ақ ҳәм қара түстеги еки жыланды көреди. Оның қыялында "не қылсам екен" сораўлар орын алады. Мектепте оқыўшылық дәўиринде алған тәлим ҳәм тәрбияларын көз алдына келтиреди. Мектепте устазларының үйреткен "Бурынғының нақылы "өзиң жолаўшы болсаң, жол үстинде еки адам урыса қойса, сол әззи келгенине көмек бер" деген нақыл" [1:89] есине түседи. Усы нақыл шәрият нызамларына да енгизилгенлигин қыялынан өткереди. Нәтийжеде, әззи келип турған ақ мары жыланға көмек бериў, оның тәрепин алыўды ойлап қара марыға қанжар урады.

Дәстан мазмунларында нызамның үстинлигиниң әдалатлық нышаны екенлиги ҳаққында да эпизодлар орын алған. Ең әййемги ўақытларда елге патша болатуғын адамның басына дәўлет қусы қонады деген рәўиятлардың орын алғанлығы белгили. "Шәрияр" дәстанында болса бул раўиятлар ҳуқықый нормаларға теңлестирилген ҳалында өз көринисин табады. Сонлықтан да, Әнжим Бүлбилгөя малакуштиң үстинен жеңиске ерискеннен кейин, қусқа талабанлардың саны көбейип кетеди ҳәм усы мәўритлерде сырттан қәлендер сыпатындағы бир адам келип, қусты өзиниң ушырып көретуғынлығын, ол кимниң басына қонса, сол адамның патша болатуғынлығын жыйналған аламанға түсиндиреди. Қусты үш мәртебе ушырғанында да ол Шәриярдың басына қонып, Шәрияр патша болыў шарапатына миясар болады [1:105]. Әдиллик ҳүким сүреди.

Дәстанда ата-ана ҳәм перзент ортасындағы қатнасықлар да нызам талапларына сәйкеслестирилип, көрсетиледи. Бул талаплар бойынша перзент барлық ўақытта өз ата-анасына ҳүрмет көрсете билиўиниң дәркарлығы еслетиледи. Ал, Шәриярдың минез-қулқында болса патша болғанынан кейин менменлик белгилери көрине баслайды. Ол асырап алған атасы Сасуар менен анасы Ақдәўлетти "мениң қандай дәрежеге жеткенлигимди көрсин" деген мақсетте сарайына шақыртқанында, олар "жүрегин колына" алып келеди. Бирақ, Аспижаҳангирдиң "...атаңды үстиңе шақыртып, атаңнан уллымедиң, Шәрияр?" деген орынлы саўалынан кейин өз қәтесин дүзетиў ҳәм нызамға муўапық ис тутыўға ериседи. Мине, бундай ҳалатлар Шәриярдың өз атасы Шахидарап пенен ушырасыў ўақтында да жүз береди.

Шәрият нызамларында бир сөзлилик қәдирленеди. "Шәрияр" дәстанында болса Шәриярдың анасы өзиниң зинданда жатқан ўақытларында бир шопан жигиттиң қарасып турғанлығын, сол шопан жигитке, егер де, қызым Әнжимди тапсам, саған беремен, деп ўәде қылғанлығын, соның ушын қызы Әнжимди шопанға бермесе, еки сөйлеген болып қалатуғынлығын ескерткеннен кейин Гүлшараның бул талабы да нызамға сәйкес түрде орынланады.

Дәстан сюжетлик мотивлеринде нызамға қылаплық ислеген, оның талапларын орынламаған, жалған гүўалықлар берген, оның есесине пара алыўға миясар болған, адамларға көп жаманлықларды ислеген 62 әмелдарды Шаҳидарап патша турған жеринде шаптырады. "9 ханымды отқа өртеп өлтиреди" [1:131]. Мәстан маманы "қырық қысырақтың қуйрығына бәнт етип, ҳәр қысыраққа бир тәнзире қамшы" [1:131] урып жибереди.

Жуўмақлап айтқанда, оқыўшылар "Шәрияр" дәстаны мазмуны менен танысыўы нәтийжесинде барқулла нызамның үстин болатуғынлығын, жаманлардың, нызамды бурмалаўшылардың келешегиниң жоқ екенлигин, барлық ўақытта жақсылардың, нызамға бойсынатуғынлардың, нызам үстинлигин мойынлайтуғынлардың ислериниң жүрисе беретуғынлығын билип алыўы ушын өзине имканият жаратады. Ал, дәстан текстлерин оқыў арқалы оқыўшыларымызда пайда болып, қәлиплесип баслаған ҳуқық тәрбиясы бала минез-қулқында және де раўажланып, оның келешек бәркамал әўлад болыўына өзиниң сөзсиз унамлы тәсирин тийгизеди.

**Әдебиятлар**

1. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. ХШ том. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984, 236-б.
2. Пазылов А., Сейтмуратов Қ., Қурбаниязова З. Педагогика теориясы. - Т.: "Noshir", 2018, 450-б.
3. Хасанбоев Ж., Тўрақулов Х., Ҳайдаров М., Хасанбоева О., Усманов Н. Педагогика фанидан изоҳли луғат. - Т.: "Фан ва технология", 2009, 672-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада «Шарьяр» достониндаги ҳуқуқ, қонунлар талабаларига буйсиниш қоидаларни амалда қўллаш, ушбу қоидаларни бузувчиларга нафрат ҳиссини шакллантириш, ушбу қоидаларни бузувчиларга нафрат ҳиссини шакллантириш, достон материаллари асосида ўқувчиларга ҳуқуқ тарбиясини бериш масалалари ўз аксини топган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается какое место занимают вопросы права, соблюдения правовых требований, применения правовых требований на практике, негативного отношения к правонарушителям в дастане "Шарьяр", вопросы правового воспитания учащихся на основе материалов дастана.

**SUMMARY**

The author of the article studies the issues of law, kuping law demands using law in practice, negative relation to words breakers of law in the epos «Shariyar», the issues of legal education on the materials of the epos.